

# Pwoteje tèt ou, Florid

Fason asirans sante ki soti nan Marketplace la fonksyone

## Ou panse asirans sante se yon bagay ki difisil pou konprann?

Se pa ou menm sèlman. Men kèk ti esplikasyon sou fason asirans sante ki soti nan Affordable Care Act (ACA) Marketplace la fonksyone.

### Fè premye peman w

Sa pral aktive asirans sante w pou w ka kòmanse itilize l.

### Fè yon egzamen medikal chak ane

Vizit woutin ànyèl ou, swen prevansyon tankou tès depistaj kansè, vaksinasyon ànyèl ak analiz san pou kolestewòl ak dyabèt se bagay k ap koute w \$0 anba plan an.

### Swen lè ou pa santi w byen

Nan lavi a, gen bagay ki ka rive nou sanzatann e se lè sa a asirans lan itil nou anpil. Ou menn ak konpayi asirans ou ap pataje depans medikal ou yo pou sèvis ki nan plan an. Selon plan w, ou ka gen ko-peman, ko-asirans oswa toule de lè ou ale kay doktè w, lè ou ale lopital oswa lè ou bezwen yon medikaman.

### Ko-peman

Ou ka gen pou peye yon kòb fiks lè w ap soti kay doktè a oswa ou gendwa jwenn yon bòdwo pa lapòs. Ko-peman yo pa aplike pou okenn franchiz pou plan asirans sante w.

### Ko-asirans

Kou ou rive nan franchiz ou, w ap peye yon pouvantaj bòdwo a epi konpayi asirans lan ap peye rès la. Sa ki bèl anpil, seke konpayi asirans ou negosye pri ki pi ba pou swen w yo si w resevwa yo nan men pwofesyonèl ak etablisman sante ki fè pati rezo a.

### Maksimòm ou ka depanse ak pwòp lajan pa w

Kou ou peye montan sa a, konpayi asirans lan peye 100% nan sèvis ki nan plan an. Sa pa gen ladan l montan ou peye chak mwa a (prim ou). Sa pwoteje w kont gwo depans ou t ap fè si w ta malad pou anpil tan, si w ta entène lopital oswa si w ta opere.

Ale sou **GetCoveredFlorida.com**  
pou jwenn plis enfòmasyon.



## Kèk ekspresyon pou w konnen

### PRIM

Montan ou peye chak mwa a pou asirans sante w.

### SIBVANSYON (Èd Finansye)

Montan gouvènman an peye pou ede w peye pou prim asirans sante w chak mwa. Gouvènman federal la detèmine kredi taks ou selon revni ou touche chak ane a.

### PWOFESYONÈL AK ETABLISMAN SANTE

Yon doktè, yon lopital oswa yon famasi ki ba w sèvis.

### DEDUCTIBLE

Montan ou dwe peye a anvan konpayi asirans ou kòmanse peye pou sèvis ak medikaman ki nan plan an chak ane.

### MAKSIMÒM OU KA DEPANSE AK PWÒP LAJAN PA W

Maksimòn ou menm oswa fanmi w peye pandan ane a pou sèvis sante ak medikaman sou preskripsyon ki nan plan an.

### KO-PEMAN

Montan fiks ou peye a pou sèvis ki nan plan an, tankou vizit kay doktè (pa egzanp \$25 pou chak vizit).

### KO-ASIRANS

Pousantaj depans medikal ou peye a apre ou rive nan franchiz ou (pa egzanp 20% total ki sou bòdwo a).

### SÈVIS KI NAN PLAN AN

Sèvis medikal ki fè pati plan asirans ou, tankou vizit kay doktè, depistaj sante ak ospitalizasyon.

### NAN REZO A

Doktè, lopital ak lòt etablisman ak pwofesyonèl medikal ki pase yon kontra avèk konpayi asirans ou pou bay sèvis medikal.

### DEYÒ REZO A

Doktè oswa etablisman medikal ki pa gen kontra avèk konpayi asirans ou. Ou ka peye yon montan ki pi wo sou bòdwo medikal la oswa tout montan an nèt si w itilize yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki deyò rezo a.